

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa téh mangrupa salasahiji alat pikeun komunikasi manusa anu sipatna arbitré尔 atawa manasuka. Minangka alat pikeun komunikasi, basa téh dibagi jadi basa lisan sarta basa tulisan. Dina prak-prakanana basa téh miboga opat aspé尔 kaparigelan basa, nyaéta kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*), kaparigelan nyarita (*speaking skills*), kaparigelan maca (*reading skills*), jeung kaparigelan nulis (*writing skills*).

Nulis mangrupa salasahiji aspé尔 dina kaparigelan basa. Nurutkeun Tarigan (2008, kc. 3), nulis téh hiji kaparigelan basa anu eksprésif tur produktif. Nulis ogé lain mangrupa hiji kagiatan anu babari, tapi hiji kagiatan anu mikabutuh prosés mikir anu jero. Ku sabab dina nulis aya sababaraha aspé尔 anu kudu diperhatikeun, di antarana struktur basa, kandaga kecap, jeung éjahan.

Sanajan nulis téh lain hiji kagiatan anu kaasup babari, tapi kagiatan nulis penting pikeun dunya atikan. Dumasar kana SKKD Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda di tingkat SMA/SMK/MA kelas XI, aya sababaraha matéri anu kudu ditepikeun ka siswa dina pangajaran nulis, di antarana nyaéta nulis carita pondok. Anu kaunggel dina standar kompeténsi 11.4 anu eusina *mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan, dalam bentuk carita pondok, laporan kegiatan, dan resensi buku* (2006, kc. 122).

Salasahiji élmu pangaweruh anu ngagunakeun basa salaku médiana nyaéta élmu sastra. Istilah sastra asalna tina basa Sanskerta, nyaéta tina *sas-* anu hartina méré pituduh; ngajar jeung *-tra* hartina alat; sarana. Sastra ogé mangrupa ébréhan tina jiwa atawa rasa pangarangna.

Sacara gurat badagna, karya sastra dibagi jadi tilu rupa, nyaéta wangun ugeran (puisi), wangun lancaran (prosa), sarta wangun drama. Patali jeung ieu panalungtikan, nu baris jadi puseur kajianana nyaéta sastra dina wangun lancaran

(prosa). Salasahiji sastra dina wangun lancaran (prosa) nu diajarkeun di sakola téh nyaéta nulis carita pondok.

Carita pondok, dina basa Indonésia sok disebut *cerita pendek*, istilah asingna mah sok disebut *short story* nu mangrupa karya fiksi dina wangun lancaran (prosa). Nurutkeun Sumarsono (1986, kc. 69) carpon téh nyaéta, karangan fiksi dina wangun lancaran, hartina naon-naon anu dicaritakeun ku pangarang téh henteu kudu enya-enya kajadian ku dirina.

Kagiatan nulis carita pondok mangrupa salasahiji bahan pangajaran anu kudu ditepikeun ka siswa di kelas. Ku kituna, prosés diajar ngajar mikabutuh ayana modél pangajaran anu éfektif tur saluyu jeung bahan pangajaran anu rék ditepikeunana sangkan bisa lumangsung kalawan hadé.

Kiwarí di sakola-sakola loba kénéh bangbaluh anu disanghareupan ku siswa waktu pangajaran nulis carpon lumangsung. Teu saeutik siswa anu masih kénéh ngarasa hésé dina nangtukeun ide, judul karangan, milih kandaga kecap atawa diksi nu bener sarta sok ngarasa hésé dina nyieun kalimah anu munggaran. Lian ti éta ogé, bangbaluh kurangna kaparigelan siswa dina pangajaran nulis carpon téh disababkeun alokasi waktu anu salila ieu rélatif leuwih leutik, antukna ngabalukarkeun ka siswa jadi kurang resep sarta kurang maksimal dina pangajaran nulis carpon.

Dumasar kana éta masalah, guru dipiharep miboga kaparigelan dina nepikeun bahan ajar salasahijina ngaliwatan modél pangajaran. Ku kituna, ku ayana éta modél pangajaran prosés diajar ngajar dipiharep bisa ngarojong dina ngaronjatkeun préstasi siswa. Modél pangajaran téh salasahiji tarékah sangkan bahan ajar anu rék ditepikeun bisa katarima ku siswa kalawan paham. Modél pangajaran ogé mangrupa salasahiji pedoman pikeun guru dina ngalaksanakeun prosés diajar ngajar di sakola kalawan leuwih variatif.

Nurutkeun Kemp dina Rahman (2011, kc. 7) nétélakeun yén modél pangajaran téh mangrupa salasahiji rarancang pangajaran (*desain instrucional*) anu dipaké dina nangtukeun maksud jeung tujuan unggal topik atawa pokok

bahasan (*goals topics, and purpose*), nyusun tujuan instruksional husus (*learning objectives*), milih eusi pangajaran (*subject content*), ngalaksanakeun pratés (*preassessment*), ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar/sumber pangajaran (*teaching learning activities/resources*), ngayakeun dukungan pelayanan (*support service*), ngalaksanakeun évaluasi (*evaluation*), sarta nyieun révisei (*revise*).

Sakumaha anu geus kaunggel di luhur katitén yén modél pangajaran téh nyaéta salasahiji komponén anu penting dina ngalaksanakeun prosés diajar ngajar. Salasahiji alternatif modél pangajaran anu dipaké pikeun pangajaran nulis carita pondok nyaéta modél pangajaran *experiences*. Nu dimaksud modél pangajaran *experiences* téh nyaéta, salasahiji modél pangajaran nu ngarojong siswa sangkan aktif dina ngawangun pangaweruh jeung kaparigelanana ngaliwatan pangalaman sacara langsung (Majid, 2012, kc. 181).

Modél *experiences* bisa dipaké dina kagiatan pangajaran nulis carita pondok. Modél *experiences* ogé miboga tujuan sangkan bisa ngaronjatkeun préstasi siswa dina nulis carita pondok.

Panalungtikan anu maké modél pangajaran *experiences* téh lain panalungtikan anu munggaran. Aya sababaraha nu geus nalungtik ngeunaan modél pangajaran *experiences*, salasahijina nyaéta Modél *Experiences* pikeun Ningkatkeun Kamampuh Nulis Sajak (Studi Kuasi Ékspérímén ka Siswa Kelas VII A SMPN 45 Bandung Taun Ajaran 2009-2010) ku Barkatun Nisa Alfia. Dina Hasil panalungtikanana, modél *experiences* téh bisa ngaronjatkeun hasil anu signifikan dina pangajaran nulis sajak siswa kelas VII A SMPN 45 Bandung taun ajaran 2009-2010. Bédana jeung ieu panalungtikan nyaéta modél *experiences* téh digunakeun dina pangajaran nulis carita pondok lain nulis sajak.

Dumasar kana hal-hal anu geus dipedar di luhur ngajurung panalungtik pikeun diayakeunana panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *experiences* dina pangajaran nulis carita pondok. Ku kituna, ieu panalungtikan dibéré judul Modél Pangajaran *Experiences* dina Pangajaran Nulis Carita Pondok (Pananlungtikan

Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 3 SMAN 15 Kota Bandung Taun Ajaran 2013/2014).

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Idéntifikasi jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, katitén aya sababaraha masalah anu karandapan dina ieu panalungtikan. Dina hasil idéntifikasina, kapaluruh yén siswa masih kénéh ngarasa hésé dina nangtukeun ide, judul karangan, milih kandaga kecap atawa diksi nu bener sarta sok ngarasa hésé nyieun kalimah anu munggaran dina nulis carita pondok.

Kamampuh nulis carita pondok téh bisa diukur ngaliwatan dua katégori, nyaéta katégori linguistik jeung katégori *non* linguistik. Katégori linguistik maluruh ngeunaan naon-naon anu aya patalina dina katatabasaan upamana, éjahan, adegan basa, diksi, jsté. Sedengkeun katégori *non* linguistik mah maluruh naon-naon anu aya di luar katatabasaan upamana, struktur intrinsik, struktur ékstrinsik, eusi, imajinasi, jsté.

Ku kituna, sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan tangtuna waé kudu diwatesanan. Dina katégori linguistik diwatesanan maluruh ngeunaan diksi jeung éjahanana. Sedengkeun dina katégori non linguistik maluruh ngeunaan eusi carita, imajinasi, sarta struktur intrinsik anu diwatesanan tokoh jeung penokohan, galur, sarta gaya dina carita pondok.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun ku sababaraha pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél pangajaran *experiences* ka siswa kelas XI IPA 3 SMAN 15 kota Bandung taun ajaran 2013/2014?
- 2) Kumaha kamampuh nulis carita pondok sabada ngagunakeun modél pangajaran *experiences* siswa ka kelas XI IPA 3 SMAN 15 kota Bandung taun ajaran 2013/2014?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *experiences* ka siswa kelas XI IPA 3 SMAN 15 kota Bandung taun ajaran 2013/2014?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, anu baris dipedar ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta, pikeun mikanyaho ngaronjat henteuna modél pangajaran *experiences* kana kamampuh nulis carita pondok ka siswa kelas XI IPA 3 SMAN 15 kota Bandung taun ajaran 2013/2014.

1.3.2 Tujuan Khusus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsiun:

- 1) kamampuh nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél pangajaran *experiences* siswa kelas XI IPA 3 SMAN 15 kota Bandung taun ajaran 2013/2014;
- 2) kamampuh nulis carita pondok sabada ngagunakeun modél pangajaran *experiences* siswa kelas XI IPA 3 SMAN 15 kota Bandung taun ajaran 2013/2014; sarta

- 3) bédha anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *experiences* siswa kelas XI IPA 3 SMAN 15 kota Bandung taun ajaran 2013/2014.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, anu baris dipedar ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun nambahana pangaweruh dina pangajaran nulis carita pondok, utamana dina milih modél pangajaran anu luyu, sangkan bisa ngahontal tujuan pangajaran nu dipiharep jeung bisa ngirut siswa pikeun diajar.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun:

- 1) guru, nambahana pangaweruh dina milih modél pangajaran pikeun nulis carita pondok sarta mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina kaparigelan nulis carita pondok ku cara ngagunakeun modél pangajaran *experiences*;
- 2) siswa, bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok, ayana kagiatan diajar ngajar nu leuwih variatif, sarta kahontalna tujuan pangajaran; sarta
- 3) nu nalungtik, bisa mikanyaho aya bédha nu signifikan henteuna modél *experiences* saméméh jeung sabada dilarapkeunana dina pangajaran nulis carita pondok, sarta bisa nambahana pangalaman pikeun ngaronjatkeun kaprofésionalan diajar ngajar di sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I bubuka mangrupa bab nu munggaran. Ieu bab ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II mangrupa bab nu medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan sacara leuwih jembar. Ieu bab ngawengku ulikan tiori anu di jerona medar modél pangajaran *experiences*, nulis carita pondok, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III mangrupa bab nu medar ngeunaan métode panalungtikan, nu ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, instrumén panalungtikan, wangenan operasional, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV mangrupa bab nu ngadéskripsiéun hasil panalungtikan. Ieu bab ngawengku prak-prakan panalungtikan, kamampuh awal jeung ahir siswa dina panalungtikan, analisis data tina hasil panalungtikan, jeung pedaran ngeunaan modél pangajaran *experiences* dina nulis carita pondok.

Bab V mangrupa panutup, nu ngawengku kacindekan jeung saran.